

Deziyasyon yon Ranplasan pou Swen Sante

Tanpri endike anba a kimoun ou fè konfyans pou pale onon ou si sa nesèsè:

Mwen, (Ekri Non an ak lèt detache) _____ (Dat Nesans) ____/____/____ deziyen kòm ranplasan pou swen sante mwen:

Non Ranplasan Prensipal pou Swen Sante: _____

Adrès: _____ Telefòn: _____ Relasyon: _____

Si ranplasan pou swen sante mwen nonmen anwo a pa vle, li pa kapab, oswa li disponib pou akonpli devwa li, mwen deziyen kòm lòt ranplasan pou swen sante mwen:

Non Lòt Ranplasan pou Swen Sante: _____

Adrès: _____ Telefòn: _____ Relasyon: _____

Mwen bay ranplasan pou swen sante mwen otorizasyon pou:

____ (Mete Inisyal ou la a) Resevwa enfòmasyon medikal keseswa aloral oswa anrejistre nan nenpòt fòm oswa mwayen:

1. Ke yon founisè swen sante, etablisman swen sante, plan sante, otorite sante piblik, travay, konpayi asirans vi, lekòl oswa inivèsite, oswa sant echanj enfòmasyon swen sante kreye oswa resevwa; EPI
2. Ki gen rapò ak sante oubyen eta fizik oswa mantal mwen anvan, kounye a, oswa pi devan; swen sante y ap ban mwen; osinon peman anvan, kounye a, oswa pi devan pou yo ban mwen swen sante.

Anplis, mwen bay ranplasan pou swen sante mwen otorizasyon pou:

____ (Mete Inisyal ou la a) Pran tout desizyon sou swen sante pou mwen, ki vle di li gen otorite pou:

1. Bay konsantman apre enfòmasyon, refize konsantman, oswa anile konsantman pou tout swen sante mwen sanzesepsyon, ansanm ak pwosedi pou pwolonje lavi yo.
2. Aplike onon mwen pou avantaj prive, piblik, gouvènman, oswa veteran pou kouvri frè pou swen sante.
3. Jwenn aksè nan enfòmasyon medikal mwen yon fason rezonab ki nesèsè pou ranplasan pou swen sante a pran desizyon ki konsène swen sante mwen ak pou aplike pou avantaj pou mwen.
4. Deside fè kado pati nan kò dapre pati V nan chapit 765, Lwa Florid yo.

____ (Mete inisyal ou la a) Direktiv ak restriksyon byen presi: _____

Pandan mwen gen kapasite pou pran desizyon, volonte mwen vini an premye, epi doktè ak founisè swen sante mwen yo dwe kominike m byen ak lè plan tretman an oswa nenpòt chanjman nan plan tretman an anvan yo mete li ann aplikasyon. Nan mezi mwen kapab konprann, ranplasan swen sante mwen ap kenbe m enfòm ase sou tout desizyon li te pran onon mwen ak sou zafè ki konsène m.

Otorite ranplasan pou swen sante mwen an vin anvigè lè doktè prensipal mwen detèmine mwen pa kapab pran pwòp desizyon sou swen sante m sòf si **mwen mete inisyal mwen swa nan youn oswa nen toude bagay ki annapre la yo, pou yo antre anvigè imedyatman:**

____ (Mete Inisyal ou la a) Pou resevwa enfòmasyon sou swen sante mwen.

____ (Mete Inisyal ou la a) Pou pran desizyon swen sante pou mwen, **toutotan yo pa an konfli ak desizyon sou swen sante mwen te pran yo.**

- Pou fè chanjman nan direktiv davans mwen yo nenpòt lè mwen ka (1) ranpli ak siyen nouvo fòm ki pral otomatikman anile tout fòm anvan yo, (2) siyen yon deklarasyon oswa deklare vèbalman entansyon mwen gen pou fè gwo chanjman nan dokiman aktyèl direktiv davans mwen an, oswa (3) fè konnen vèbalman entansyon mwen pou detwi, detwi fizikman, oswa bay yon lòt moun lòd pou detwi, dokiman direktiv davans mwen an.

SIYATI PASYAN AN: _____ Dat: ____/____/20____

Ekri Non an ak Lèt Detache: _____ Adrès: _____

SIYATI TEMWEN YO:

Premye temwen:

Ekri Non an ak Lèt Detache: _____

Adrès: _____

Siyati: _____

Dat: ____/____/20____

Dezyèm temwen:

Ekri Non an ak Lèt Detache: _____

Adrès: _____

Siyati: _____

Dat: ____/____/20____

[Iaj 18 lane oswa plis epi li pa nonmen kòm yon ranplasan. Omwen youn nan temwen yo pa dwe fanmi menm san, ni mari/madanm pasyan an.]

Deziyasyon yon Ranplasan pou Swen Sante

Fòm deziyasyon ranplasan pou swen sante sa a pral ede ekip swen sante a pale avèk moun ou fè konfyans pou yo pale onon ou lè ou pa kapab patisipe avèk efikasite ankò pou pran desizyon pou tèt ou.

- Seyon bon lide pou bay ranplasan swen sante ou ak/oswa doktè yo kopi.
- Tanpri pale sou volonte swen sante ou avèk nenpòt moun ou nonmen kòm ranplasan ou (yo)
- Ou ka revoke (detwi oswa anile) yon direktiv davans nenpòt lè.

Eksplikasyon: Sa pral dokiman legal direktiv davans ou ki deziyen ranplasan pou swen sante ou (yo) depi:

- ☐] li ranpli,
- ☐] ou siyen l,
- ☐] li gen dat,
- ☐] epi de moun ki gen laj 18 lane oswa plis te temwen l epi yo pa nonmen kòm yon ranplasan. Omwen youn nan temwen yo pa dwe fanmi menm san, ni mari/madanm pasyan an.

Deziyasyon yon Ranplasan pou Swen Sante